tegi balalarınıń qanday oyınlar menen oynaǵanlıǵın bilse, úshinshiden bul oyınlardıń tárbiyalıq áhmiyetin túsinip aladı.

«Aq terekpe, kók terekpe» qosıǵı folklorlıq úlgisinde

Aq terek pe, kók terek,
Bizden sizge kim kerek,- deydi.

Ekinshi topardaǵi balalar:
Aydı-aydın jol kerek,
Sheber-sheber qol kerek,
Kim ádepli tártipli,
Bolsa bizge sol kerek.

Qosıq usı formada dawam ettirilip, bir balanıń atı aytıp shaqırıladı. Bala juwrp barıp ekinshi topardıń uslasıp turǵan qollarǵn jazdırsa, qolı jazdırılǵan balanı ózi menen birgelikte óz toparına alıp ketedi. Eger úze almasa ózi sol toparǵa barıp qosıladı. Qosıqta shaqırılıp atırǵan balanıń qábiletine, ózgesheligine qarap qosıq tekstinde improvizaciya qollanıladı. Belgili bir forma saqlanǵanlıǵı menen, tekst ózgereberdi. Sonlıqtan, jazba ádebiyatta shayırlar usı formaǵa tiykarlanıp, óziniń qosıqların dóretpekte.

Erkebay Izturǵanovtıń «Aq terek pe, kók terek?» qosıǵında:

**Balalar:** Aq terek pe, kók terek,
Bizden sizge ne kerek?
**Qızlar:** Elin ata-anaday,
Súyetuǵın ul kerek.
**Qızlar:** Aq terek pe, kók terek,
Bizden sizge kim kerek?
**Balalar:** Tuwǵan eldiń kórk-sının,
Ashatuǵın qız kerek.

Usınday etip, qosıq izi dawam etedi. Bul qosıq tiykarınan háreketli oyınǵa arnalǵan bolıp, báhár ayında oynaladı. Eki jaqqa bólingen balalardıń arası 10-20 metr aralıqta turıp, «Aq terek pe, kók terek» qosıǵın aytıp baslaydı. Ekinshi tárep yaǵnıy qarsılası «Súyetuǵın ul kerek» degen qosıq qatarları menen juwap qaytaradı. Sol qosıq arqalı shaqırılǵan bala juwırıp kelip, qol uslasıp turǵan dizilisken balalardıń hálsizlew jerine baqlap olardıń arasınan úzip ótiwge háreket etedi. Eger ol úzip ótse, úzilgen jerdegi bir balanı óziniń toparına alıp ketedi. Al, úze almasa, ózi sol toparda qaladı. Endigi gezek ekinshi toparǵa beriledi. Yaǵnıy, usılayınsha oyın tártibi dawam etedi hám bir-birin utıwǵa tırısadı. Bul «Aq terek pe, kók terek» oyın qosıǵı Orta Aziya xalıqlarınıń bárinde awızeki ádebiyatı menen jazba ádebiyatında házirgi waqıtta da bar dástúr. Jazba ádebiyatta shayırlar oyın-zawıq qosıqların usınday folklorlıq formanı saqlap izlenis qılıwlarınıń ózide onın óz aldına, ózine tán ózgesheliklerge iye janr sıpatında qaraw imkanıyatın jaratıp beredi.

Oyın zawıq qosıqları syujeti belgili bir ertek, yaki ápsanalardıń syujetin eske túsiredi. Balalar folklorında bul janrdıń oyın elementleri menen birge kórkem sózdiń áhmiyetide úlken rol oynaydı. Qosıqlardaǵı sózler tuwra mánige iye bolıwı hám turaqlı qatarlardan ibarat bolǵanlıǵı menen ózgeshelenedi.

Juwmaqlap aytqanda, balalar folklorında oyın-zawıq qosıqları qosıqları óziniń forması, syujeti ertek hám ápsanalarǵa qurılǵanlıǵı, dramalıq xarakteri, jas ózgesheligine baylanıslı atqarıw ózgesheligi, oyın elementleriniń sóz benen uyǵınlıǵı óz aldına janr sıpatında qaraw múmkinshiligin beredi.

## Adebiyatlar


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
2. Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. –Нөкис: «Билим», 1992.
3. Allambergenov K., Qurbanbaev I., Kazaxbaev S. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı tariyxı. –Tashkent: «Tafakkur avlodi», 2020.
4. Даўқараев Н. Шығармаларының II томлығы. –Н.: «Қарақалпақстан», 1977.
5. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. –Нөкис: «Билим», 2004.
6. Сейдин Амирлан. Айнанайын (Қарақалпақ аялаў поэзиясы үлгилери) Ташкент: «Yangi kitob», 2020.



**REZYUME.** Maqolada mustaqil janr sifatida o'yin-zavq qo'shiqlarining xarakterli jihatlari va janriy xususiyatlari tahlil qilingan. Bolalar folklorida mazkur janrning yosh, ijro, syujet, o'yin elementlari, dramatik xarakteri singari xususiyatlari mustaqil janr sifatida o'rganishga imkoniyat yaratishi xulosa qilingan.

**РЕЗЮМЕ**. В статье анализируются характеристики и жанровые особенности игровых песен как самостоятельного жанра. Сделан вывод, что особенности этого жанра в детском фольклоре, такие как возраст, исполнение, сюжет, игровые элементы, драматизм, создают возможность для изучения как самостоятельного жанра.

**SUMMARY.** The article analyzes the characteristics and genre features of game songs as an independent genre. It was concluded that the features of this genre in children's folklore, such as age, performance, plot, game elements, and dramatic character, create an opportunity to study as an independent genre.


# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРТАНЫЎ ИЛИМИНИҢ ПАЙДА БОЛЫЎЫ ҲӘМ РАЎАЖЛАНЫЎ БАСҚЫШЛАРЫ


**Г.Даўтова** – *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** фольклор, экпедиция, достон, эртак, жанр, классификация.
**Ключевые слова:** фольклор, экспедиция, эпос, сказка, жанр, классификация.
**Key words**: folklore, expedition, epic, fairy tale, genre, classification.


Қарақалпақ халқының аўызеки адебиятын жазып алыў ҳәм оны изертлеў ислери XVIII әсирдиң орталарынан басланды. Әсиресе, рус илимпазлары менен саяхатшылары қарақалпақлардың фольклорин үйрениўге қызықты ҳәм араласа баслады. 1740-41-жыллары Муравин ҳәм Гладишевлар Хийўаға баратырған сапарында қарақалпақлар менен танысып, халықтың турмысы этнографиясы менен қызықсынды.

1750-жылы рус илимпазы Ричков келип, қарақалпақ халқының әңгимелери ҳәм эртеклерин, сондай-ақ қарақалпақ деген сөздиң келип шығыўы ҳаққында легенданы жазып алған ҳәм оларды 1759-жылы «Сочинение и переводи» деген журналдың август санында бастырып шығарады.

Қазақтың атақлы илимпазы Ш.Уәлийханов 1857-жыллары Сирдәръя бойындағы Қоқан, Ташкент, Бухара ҳәм Талас дәръясының бойын жайлаған қарақалпақлар арасында болып, олардан «Көк шолақ» деген поэмадан үзинди, қосықлар, ертеклер, нақыл-мақаллар жийнаған. Ш.Уәлийхановтың, мине, усындай мийнетлеринен келип шығып профессор Қ.Мақсетов оны «қарақалпақ фольклорын биринши изертлеўши», [4:155] - деп баҳа береди.

Жазыўшы Н.Карамзин «ҳаяллар патшалығы ҳаққында ертек»ти Шимбайлы бир кемпирден жазып алған ҳәм оны рус тилинде 1875-жылы «Древняя и новая Россия» деген журналдың III томында бастырып шығарған.

Қарақалпақлар арасинда кең тарқалған «Юсип-Ахмет» дәстаниниң Хорезм варианты венгер тюркологи Х.Вамбери тәрепинен оның «Чағатай этюдлари» мийнетинде немец тилине аўдарылып, 1911-жылы басылған еди.

Биринши рет «Алпамис»тың қарақалпақша версиясы 1902-жылы Ташкентте «Сборник материалов для статистики Сирдаръинской области на 1902 г» деген топламының X томында басылып шықты. А.Беляев қарақалпақлар арасына келип, Нөкистен «Шиңғисхан ҳаққында аңыз», Шымбайдан «Едиге ҳәм Тоқтамысхан ҳаққында жыр», Қоңыраттан «Шежире»ни, Қыпшақтан «Қоблан» дәстанын жазып алады. Илимпаз «Шежире» менен «Қоблан» дәстанын «Қарақалпақтың жыри» ҳәм

«Ер Қобланның қыссасы» деген ат пенен бөлек-бөлек китап етип Ашхабадта шығарады.

Илимпаз Н.Даўқараевтың 1905-жылы профессор В.М.Мелиоранский «Едиге» жырының қырғызша-қарақалпақша вариантын бастырып шығарды. Бул вариант Ш.Ўәлийханов жазып алған вариант, - деп тастыйықлайды. Илимпаз, соның менен бирге, «Едиге»ниң қарақалпақ версиясы профессор И.Н.Березин тәрепинен де 1862-жылы жазып алынғанлығын айтып өтеди [2:27].

Бул атап өтилген илимпазлардан басқа да академик В.Радлов, Ф.Корш, П.Мелиранский, А.Самайлович өз мийнетлеринде қарақалпақ фольклорын тийисли баҳали материаллар жийнады.

1926-жылы қарақалпақлардың тилин ҳәм турмысын үйрениў мақсетинде Н.Баскаков келип ол қарақалпақ фолъклоры, этнографиясы, тили бойынша мағлыўматлар жийнады.

1930-жыллардан баслап қарақалпақ фолъклорын үйрениўге жергиликли илимпазларды белсене қатнаса баслады. 1928-жылдың өзинде араб графикасы менен С.Мәжитовтиң «Қарақалпақ әдебияти жыйынтығы» китабы басылып шықты. Автор бул мийнетинде бир нешше эртек, нақыл-мақал, жумбақларды келтирип ўтеди.

1940-жыллары республикадан шиғиўши «Қизил Қарақалпақстан» ҳ.б газета-журналларда Қ.Айимбетов, Ж.Аймурзаев, Н.Дәўқараевлардиң фолъклор бойинша илимий изертлеўлери жәрияланды.

С.Маўленов пенен Ш.Хожаниязовлар Қурбанбай жыраўдан «Қириқ қиз», «Қурбанбек», «Шийрин-Шекер», «Эр Қосай», «ҳажигирей» дәстанларын, әбдимурат жираўдан «Мәспатша»ни, Қаражан бақсидан «Дәўлетярбек» дәстанин жазип алған.

А.Бегимов қарақалпақ фолъклорының бир қанша үлгилерин жазыўға қатнасып, олардан «Қырық қыз» дәстанын, «Жүз аўиз ўтирик айтқан шопан» ертегин баспадан шығарады.

Қ.Айымбетов атақлы Өгиз жыраўдан «Алпамыс» дәстанын жазып алып, ол «Едиге» дәстанын да жазып алады ҳәм бул дәстанды баспада жарық көреди.

1930-жыллардың ақыры ҳәм қырқыншы жыллардың басындағы фолкълорлық экспедицияға Қ.Айимбетов пенен бирге О.Қожуровта қатнасып Қ.Айымбетовтиң баспаға таярлаўында биринши «Қарақалпақ халық творчествосы» деген ат пенен мийнет шиқти.

Қарақалпақ фолъклори бойинша жергиликли илимпазлар кўзге түсерлик дәрежеде мийнет этти. Қ.Айымбетов «Қарақалпақ әдебияти ҳәм искусствоси» журналында «Қарақалпақ фолъклори», «Қарақалпақ әдебиятиниң түрлери» атлы илимий мақалаларын жәриялады.

Сониң менен бир қатарда қарақалпақ фолъклорын изертлеўлердиң нәтийжеси сыпатында көп ғана ири көлемдеги китаплар пайда болды. Мәселен, Н.Дәўқараевтың «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери», И.Сағийтовтың «Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы», Қ.Мақсетовтың «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстани «Қырық қыз», «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары-ның поэтикаси», «Қарақалпақ фолъклорының эстетикасы», Қ.Айимбетовтың «Халық даналығи» китапларын атап өтиўге болады.

Н.Дәўқараевтың «Қарақалпақ әдебияти тарийхының очерклери» атлы докторлық диссертациясы мине усындай изертлеў жумысларының даўамы болды. Диссертацияниң фолъклорға арналған бөлиминде «Қарақалпақ аўыз әдебиятының тарийхый дереклери», «Қарақалпақ аўыз әдебияты ҳәм оны айтыўшылар», «Қарақалпақ аўиз әдебиятының түрлери ҳәм тематикасы» деген бөлимлерден турады. Илимпаз усы мийнетинде фолъклордың түрлерине ҳәм «Алпамыс», «Қоблан», «Қырық қыз» дәстанларына биринши илимий талқы жасайды.

Н.Дәўқараевтан кейин «Алпамис», «Қоблан», «Қырық қыз» дәстанларин кең изертлеген И.Сағийтов болды. Оның «Каракалпакский героический эпос» атлы монографиясы басылып шықты. Китап «Қарақалпақ эпосына улыўма характеристика менен басланып, онда эпостың дөрелиў дәўири тийкарғы өгешеликлери, көркемлик өгешеликлери «Қоблан», «Алпамыс», «Қырық қыз» сияқлы дәстанларға илимий көз-қарастан баха берилип өткен.

Ал, атақлы фолъклорист Қ.Мақсетовтың «Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикаси» атлы мийнети баҳалы китаплардан есапланып, бул илимий мийнет қарақалпақ қаҳарманлық дәстан-ларының жанрлық өгешеликлери, идеялық ҳәм көркемлик өгешеликлери, композициялық қурылысы ҳәм образлары, қаҳарманлық дәстанлардың сүўретлеў усыллары, қаҳарманлық дәстанлардағыц проза ҳәм қарақалпақ халық поезиясында қосық дөретиўшилик мәселесине» сияқлы баплардан турады.

Қ.Айимбетовтың «Халиқ даналығы» китабында халық аўизеки дөретпесине тийисли көплеген материаллар бар. Илимпаздың «Қарақалпақ фолъклоры» атлы мийнети университет студентлери ушын қолланба ретинде басылып шықты.

Қ.Мәмбетов тәрепинен «Фолъклор ҳәм әдебият» китабы басып шығып бунда турмыс-салт жырлары, беташар, жоқлаў, бәдик, гүлапсан ҳәм толғаўлар ҳаққында тоқтады. фольклортаныў

Қарақалпақ фольклортаныў тараўында көплеген илимий қәнийгелер мийнет ислеп миллий мәдений ҳәм рууҳий мийрасымыздың сақланыўына ҳәм өсип раўажланыўына өзлериниң үлеслерин қосып атыр.

**Әдебиятлар**


1. Алламбергенов К. Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге». - Нөкис: Билим, 1995. – 228 б.
2. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. – Б.27.
3. Жирмунский В.М. Тюркский героический эпос. – Л.: Изд: Наука, 1974. – 728 с.
4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. – Б.155.



**РЕЗЮМЕ**. Мақолада қорақалпоқ фольклоршунослик фани пайдо бўлиш ва ривожланиш босқичлари илмий-назарий ўрганилган. Шунингдек, қорақалпоқ фольклоршунослигини тадқиқ қилган хориж ва маҳалий олимларнинг илмий меҳнатлар эътироф етилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье научно и теоретически исследуются этапы возникновения и развития каракалпакской фольклористики. Также признание получили научные труды зарубежных и отечественных ученых, исследовавших каракалпакский фольклор.

**SUMMARY.** In the article, the stages of emergence and development of Karakalpak folkloristic science are scientifically and theoretically studied. Also, the scientific works of foreign and local scientists who researched Karakalpak folklore were recognized.


# DÁWLETYARBEK DÁSTANINIŃ QARAJAN BAQSI KABULOV VARIANTI HAQQINDA


**U.X.Esemuratova** – *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** folklor, doston, janr, syujet, xarakter, qahramon.
**Ключевые слова:** фольклор, эпос, жанр, сюжет, персонаж, герой.
**Key words:** folklore, epic, genre, plot, character, hero.


Dástanlar qaraqalpaq xalqınıń táriyxı, úrp-ádet dástúrleri, turmısı hám mádeniyatın úyrreniwdǵ úlken áhmiyetke iye.Olardı jıynap, jazıp alıp izertlew jumısları ótken ásirdiń 30-jıllarınan baslandı. Basqa dástanlar sıyaqlı